

Kisa Fwod nan nan Konpansasyon Travayè ye?



Fwod se yon krim
ki fèt pou sispann
epi ou kapab bay èd ou nan sa.



KISA FWOD YE?

Gen fwod nan konpansasyon travayè lè yon moun konnen, avèk entansyon pou twonpe moun, li fè yon fo deklarasyon enpòtan ki asosye avèk yon reklamasyon konpansasyon travayè oswa asirans konpansasyon travayè.

Fwod nan konpansasyon travayè se yon krim klas E, epi ou ka gen pou peye amann ak/oswa ale nan prizon. Vyolasyon ki fèt apre yo se yon krim Klas D. Patwon ki pa konsève dosye egzat ka gen pou peye yon amann pou sa.

Biwo Enspektè Jeneral Fwod gen responsablite pou mennen ankèt sou akizasyon fwod nenpòt moun fè nan sistèm konpansasyon travayè, tankou patwon yo, founisè swen sante yo, konpayi asirans yo, avoka yo, ak anplwaye yo.

FWOD NAN KONPANSASYON TRAVAYÈ SE YON FWOD!

**POU RAPÒTE FWOD, RELE
1-888-363-6001**

FÒM KOMEN FWOD

FWOD AVOKA

- ◆ Fèt lè yon avoka/reprezantan ki gen lisans fè espere pou pa di laverite pou li ka jwenn oswa refize konpansasyon pou kliyan li ak/oswa pou tèt li.

EGZANP FWOD AVOKA

- √ Fè espere pou ede yon kliyan nan ale nan lajistis pou yon fo reklamasyon.
- √ Mande yon moun pou fè yon fo reklamasyon.

FWOD GEN ANPIL FAS

Komisyon Konpansasyon Eta New York ap fè yon efò serye pou derasinen fwod epi pou redui depans sistèm nan. Se Biwo Enspektè Jeneral Fwod ki alatèt efò sa a. Ankèt ak pouswit lajistis kont moun ki fè reklamasyon ki gen fwod ap fè sistèm vin gen plis onètete, pandan l ap ede redui depans ki pa nesesè yo menm pi lwen.

Fwod gen anpil fas. Si yon moun ogmante yon reklamasyon oswa si li bay fo enfòmasyon sou yon reklamasyon oswa si li soumèt yon fo reklamasyon, moun sa a fè fwod. Si yon moun pran chòk pandan l ap patisipe nan yon aktivite lwazi jou dimanch epi li rapòte sa nan lendi kòm yon aksidan nan espas travay li, moun sa a fè fwod. Patwon ki mal klase anplwaye yo oswa pewòl yo fè fwod. Founisè swen sante ki soumèt fo rapò medikal oswa ki ogmante bòdwo yo fè fwod. Avoka ki mande yon moun pou ranpli yon fo reklamasyon, oswa konpayi asirans ki chanje prèv pou sipòte yon refi pou avantaj yo, fè fwod.

Fwod fè tout moun mal. Li afekte rezilta yon konpayi, epi poutèt sa li afekte tout anplwaye yo. Lajan yo ta ka itilize pou anboche lòt anplwaye oswa pou ogmante salè anplwaye yo sèvi pito pou peye pou prim ki ogmante yo. Patwon yo mete ogmantasyon sa yo sou kliyan yo sou fòm pi gwo pri. Finalman, nou tout peye yon pri pou fwod.

FWOD PATWON FÈ

- ◆ Si yon patwon pa bay laverite pou li ka evite, refize, oswa jwenn konpansasyon sou non anplwaye, oswa si li konnen li bay manti sou fwa pou avantaj pou dekouraje yon anplwaye ki pran chòk pou anplwaye a pa fè yon reklamasyon.
- ◆ Yon patwon ki fè espere pou bay manti pou li ka jwenn, konsève, oswa renouvle yon kontra asirans konpansasyon travayè.

EGZANP FWOD PATWON

- √ bay manti sou risk oswa ekspozisyon nan djòb la lè li pa rapòte tout pewòl la; lè li mal klase pewòl la; oswa lè li bay manti sou pwopriyete konpayi an pou evite yon pi gwo modifikasyon nan eksperyans.
- √ Pa fè yon anplwaye konnen avantaj konpansasyon travayè disponib apati Jou 1.

FWOD FOUNISÈ SWEN SANTE

- ◆ Nenpòt manti nan pale oswa alekri ki fòme baz nenpòt faktirasyon pou sèvis avantaj nan sistèm konpansasyon travayè.
- ◆ Nenpòt founisè swen sante tankou doktè, konseye reyabilitasyon, famasyen oswa kiwopraktè kapab fè sa nan sistèm nan.

EGZANP FWOD FOUNISÈ SWEN SANTE

- √ Faktirasyon pou egzamen pasyan ki pa t janm fè egzamen, oswa pou tretman li pa t janm bay.
- √ Faktirasyon doub ak/oswa resevwa peman nan diferan konpayi asirans pou menm tretman an - epi pa remèt lajan an.

FWOD KONPAYI ASIRANS

- ◆ Yon reprezantan reklamasyon ki fè espere pou pa di laverite pou li kapab swa refize oswa sipòte yon reklamasyon; oswa li ofri oswa aksepte nenpòt fòm konsiderasyon pou bay rekòmandasyon oswa pou fè yon aranjman nan yon reklamasyon.

EGZANP FWOD KONPAYI ASIRANS

- √ Aksepte yon kado nan klinik prive yon doktè pou ka jwenn yon pwomès tasit rekòmandasyon pasyan.
- √ Chanje prèv nan yon reklamasyon pou kapab sipòte yon refi pou avantaj yo.

FWOD ANPLWAYE

- ◆ Fèt lè yon anplwaye fè espere, swa aloral oswa alekri, pou bay manti sou yon enfòmasyon enpòtan, oswa pou lakòz yon lòt moun bay manti sou enfòmasyon an.
- ◆ Manti a bay avèk konesans. Si yon moun fè yon deklarasyon ki pa kòrèk pa erè oswa san entansyon, moun sa a pa fè fwod.
- ◆ Manti a dwe enpòtan pou reklamasyon an.

EGZANP FWOD ANPLWAYE

- √ Fè yon reklamasyon pou yon chòk li pa t pran, oswa pou yon chòk ki pa gen relasyon avèk djòb la.
- √ Bay manti sou eta li lè yo poze li kesyon dirèkteman, tankou nan yon depozisyon oswa odyans, oswa nan yon lèt re-sètifikasyon.

Anyè Biwo Komisyon Konpansasyon Travayè

1.866.750.5157

Liy Dirèk pou Rapòte Fwod • 1.888.363.6001

Defansè pou Biznis • 1.800.628.3331

Defansè pou Travayè ki Pran Chòk • 1.800.580.6665

Biwo Kontestasyon • 1.877.258.3441

Inite Kontwòl Konfòmite • 1.866.298.2362

Avantaj pou Andikap • 1.800.353.3092

Albany District Office

100 Broadway - Menands • Albany, NY 12241

1.866.750.5157

Binghamton District Office

State Office Building, 44 Hawley Street

Binghamton, NY 13901 • **1.866.802.3604**

Brooklyn District Office

111 Livingston Street • Brooklyn, NY 11201

1.800.877.1373

Buffalo District Office

Cyclorama Building • 369 Franklin Street

Buffalo, NY 14202 • **1.866.211.0645**

Long Island District Office

220 Rabro Drive, Suite 100 • Hauppauge, NY 11788-4230

1.866.681.5354

Manhattan District Office

215 W. 125th Street • New York, NY 10027

1.800.877.1373

Peekskill District Office

41 North Division Street • Peekskill, NY 10566

1.866.746.0552

Queens District Office

168-46 91st Avenue • Jamaica, NY 11432

1.800.877.1373

Rochester District Office

130 Main Street West • Rochester, NY 14614

1.866.211.0644

Syracuse District Office

935 James Street • Syracuse, NY 13203

1.866.802.3730
